

# Itilize Lexia® Core5® Reading Laka

## Ti Konsèy pou Aprantisaj a Distans

Lexia Core5 Reading se yon pwogram amizan sou òdinatè ki te ede anpil milyon elèv amelyore konpetans yo nan lekti ak ekriti. Aktivite ki nan Core5 yo sipòte epi plis devlope pwogram detid timoun ou an aprann nan salklas li a epi li konsantre sou devlopman konpetans nan lekti ak ekriti nan domèn kle yo.

### HKòman pou timoun mwen an konekte?

Li fasil pou kòmanse! Jis swiv direktiv sa yo sou yon aparèy ki [sipòte pwogram](#) lan:

1. Prepare aparèy ou a. Core5 fonksyone sou òdinatè ak Chromebooks nan yon navigatè entènèt ki sipòte pwogram lan, ansanm ak sou tablèt iPads ak Android yo. Si w ap itilize yon tablèt, telechaje aplikasyon gratis Core5 la nan App Store oswa Google Play.
2. Chache jwenn enstriksyon lekòl ou bay yo pou w ka konekte. An jeneral, sa yo gen ladan kote pou w konekte (pa egzanp, pa mwayen pòtay yon lekòl, pa mwayen [Clever](#), oswa pa mwayen koneksyon dirèk nan [lexiacore5.com](#)), adrès imel pwofesè w la, ak non itilizatè ak modpas timoun ou an.
3. Itilize metòd lekòl timoun ou an te dekri a pou w konekte. Si sa nesesè, fè enstalasyon an yon sèl fwa sou aparèy la lè w antre adrès imel pwofesè li a.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou aparèy ki sipòte pwogram lan yo, vizite paj [Lexia Help Center Support for Families](#).

*Tanpri sonje Lexia Customer Support pa kapab bay non itilizatè oswa modpas elèv yo, ni imel pwofesè yo.*

### Kòman mwen ka sipòte aprantisaj sou entènèt timoun mwen an?

#### Pwogramme tan pou aprantisaj la.

Eseye tabli yon orè ki pral ede timoun ou an atenn objektif pèsonalize li a chak semèn.

Lè timoun ou an konekte oswa dekonekte, fè yon ti gade Student Dashboard la ansanm. Pale de pwogrè timoun ou an ap fè pou atenn objektif li gen chak semèn lan ak kantite inite li te fin konplete. Sonje byen ke kantite minit yo sible a se pou tout semèn lan nèt, se pa pou yon jou!

#### Planifye chans pou siksè.


Bay yon kote ki pa gen bri pou aprann, epi verifye kantite materyèl la avan chak sesyon. (Ekoutè yo ka itil men yo pa nesesè.)

#### Sipòte aprantisaj endepandan.

Li enpòtan pou w kite timoun ou an travay nan Core5 san paran, frè ak sè, oswa lòt moun k ap pran swen yo pa ede l. Core5 fèt nan fason pou bay sipò ak enstriksyon pou ede elèv yo lè yo bezwen l.

- Li ka itil pou w eksplike enstriksyon yo nan pwòp mo pa w si timoun ou an gen difikilte pou l konprann kijan pou l fè aktivite a.
- Raple timoun ou an pou l fin travay nan yon inite nèt avan l ale nan yon lòt aktivite oswa kite pwogram lan. Bawo vér la ki anba ekran an ranpli pou l montre pwogrè nan chak inite.

- Si timoun ou an bezwen plis èd, ankouraje l itilize zouti pwogram lan yo ki sou ekran aktivite a. [Core5 Buttons Guide](#) la eksplike chak fonksyon sipòt.



- Lè timoun an prè pou l dekonekte, chwazi X ki nan kwen adwat activity, selection screen lan, ak student dashboard la. Yon mesaj konfirmasyon pral parèt epi dekoneksyon an ap konplè lè ekran koneksyon an parèt ankò. Li enpòtan pou dekonekte konplètman nèt pou w ka reflete kantite tan presi timoun ou an pase nan chak aktivite.

### Siveye pwogrè epi selebre siskè!

Chak fwa elèv yo konekte, yo ap fè pwogrè pou atenn objektif lekti yo.

- Yo rapòte pwogrè ak pèfòmans nan Core5 dirèkteman bay pwofesè yo pou yo ka bay plis èd lè sa nesesè. Pandan peryòd aprantisaj a distans lan, pwofesè yo ka pataje enfòmasyon sa a ak ou epi ba w rekòmandasyon presi pou ou ka sipòt lektè ou a.
- Pwofesè yo ka fè w konnen tou lè timoun ou an genyen yon sètifikasi akonplisman apre yo fin konplete nivo Core5 lan.

### Ki resous yo ka itilize pou sipòt aprantisaj lekti ak ekriti lakay?

Pandan timoun ou an ap travay nan Core5, pwofesè yo ap resevwa mizajou sou pwogrè ak pèfòmans li. Baze sou enfòmasyon sa a, pwofesè yo ka pataje resous presi pou sipòt aprantisaj lakay.

**Lexia Skill Builders** se fèy devwa pou yo ka fè plis pratik. Yo rekòmande Skill Builders yo apre elèv yo fin konplete yon nivo Core5. Yo ka enprime yo oswa ranpli yo sou aparèy nimerik.

**Lexia Connections** se jwèt ak aktivite ki sible elemant lekti ak ekriti yo. Aktivite sa yo ka yon fason amizan pou siplimante ak sipòt travay timoun ou an ap fè nan Core5. Ou ka wè yon lis [Lexia Connections yo sigiere](#) avèk rekòmandasyon pou nivo chak klas.

### Ki resous anplis fanmi yo ka itilize pou ranfòse aprantisaj?

**Lexia Read @ Home Newsletters** ofri deseri lide aktivite pratik pou ankouraje devlopman lekti ak ekriti lakay. Gras a opsyon pou tout nivo, yo ka fè jwèt ak pwojè amizan sa yo ak atik ou ka deja genyen lakay ou.

Vizite Lexia's [At-Home Resources Hub](#) pou w jwenn aksè dirèkteman nan resous enstriksyon yo ak plis ankò, oswa swiv Lexia Learning sou [Twitter](#), [Facebook](#), ak [LinkedIn](#) pou w ka wè ti konsèy yo ak resous yo.